



Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TO UTILIZASYON POU ANTREPRIZ BIZNIS
MINORITÈ AK BIZNIS FANM POSEDE YO OGMANTE RIVE PRÈSKE
29 POUSAN TOUPATOU ATRAVÈ ETA A**

***To Itilizasyon yo Pi Wo nan Nasyon an, Ki Ap Apwoche Objektif 30 Pousan an
Ywityèm Fowòm MWBE Anyèl lan Ap Pwomouvwa Miz An Rezo ak Opòtinite Pou
Bay Kontra Atravè Eta a***

***Twazyèm Prim Inovasyon ak Ekselans Carey Gabay Anyèl pou Onore Biznis
MWBE Ekstrayòdinè yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke to itilizasyon pou Antrepriz Biznis Minoritè ak Biznis Fanm Posede (Minority and Women-Owned Business Enterprises, MWBE) yo ki ap patisipe nan kontra Eta a yo te ogmante rive 28.62 pousan pou Ane Fiskal 2017-18 lan - ki se pi wo nan nasyon an - kote MWBE yo te sekirize plis pase 2.5 milya dola nan kontra Eta yo. Yo te fè anons lan an konjonksyon ak ywityèm Fowòm MWBE anyèl Eta New York lan nan Empire State Plaza Convention Center ki nan Albany.

“New York ap konstwi yon avni ki pi djanm nan asire ke biznis minoritè ak sa fanm posede yo gen opòtinite pou devlope epi pwospere”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “To itilizasyon nou an ki ap mennen nan nasyon an se yon prèv rezo MWBE san parèy nou an ki kontinye devlope an gwosè ak anplè, ki ap reflekte divèsite rich Eta a.”

“Antanke fanm ki te ede nan kreyasyon yon biznis fanmi ke fanm se pwopriyetè li, mwen konnen pa eksperyans baryè aspiran antreprenè yo ap rankontre”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou ap mennen nan nasyon an nan itilizasyon MWBE nou an, ki ap ogmante to a de prèske 29 pousan. Nou dwe fè tout sa ki nan pouvwa nou pou bay opòtinite pou biznis minoritè ak sa fanm posede yo, epi nou ap kontinye elaji pwogram eta a pou ede kraze baryè yo epi ede antreprenè yo mete biznis yo nan pwochen nivo yo.”

To Itilizasyon MWBE

Gouvènè Cuomo te etabli pi gwo objektif nasyon an pou itilizasyon MWBE yo nan kontra Eta New York yo a 30 pousan. To itilizasyon an, ki te mwens pase 10 pousan lè Gouvènè a te rantre an fonksyon pou premye fwa an 2011, li te ogmante prèske chak

ane epi li kounye a prèske 29 pousan. New York ap dirije emansipasyon ekonomik MWBE yo nan tout nivo yo epi li byen sou wout pou akonpli objektif 30 pousan an.

Kle pou reysisit pwogram MWBE Eta New York lan se devlopman yon efò djanm epi dirab ki ap siveye epi pwomouvwa angajman biznis MWBE yo nan chak arèn kontra Eta a. To itilizasyon Eta New York lan reflète pi gwo pousantaj Kontra Eta ke yo te akòde bay MWBE nan peyi a yo, men tou se pi gwo montan an dola nan kontra yo te akòde. Yo te bay plis pase 14 milya dola nan kontra Eta yo bay MWBE yo depi 2011.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, “Divèsite Eta New York se fòs li epi nou angaje nan bay resous ak opòtinite devlopman ekonomik ki enklisif bay antreprenè ti biznis yo epi pou sipòte kwasans pami MWBE yo”.

Ywityèm Fowòm MWBE Anyèl nan Eta New York

Plis pase 2,200 biznis, antreprenè, ak otorite gouvènman yo te patisipe nan pi gwo konvansyon pwofesyonèl piblik ak prive MWBE anyèl New York lan nan nasyon an. Tèm ane sa a se - “Grandi ak Eta New York: *Rasanble* entelijans endistriyèl. *Tabli* nouvo relasyon. *Kreye* nouvo biznis.” - ajoute sou investisman ke Eta New York kontinye fè nan kominote MWBE li a; pataje enfòmasyon nan tout inisyativ enfrastrikti eta a ak inisyativ devlopman ekonomik yo; epi souliye nouvel opòtinite ak sa ki ap kontinye pou antrepriz MWBE yo pou angaje nan fè kontra nan Eta New York. Fowòm lan te demontre reysisit Eta a nan ogmante patisipasyon MWBE, epi egzamine zòn apwovizyonman ki enpòtan yo nan tout endistri ki reprezante yo ki enkli transpò, konstwiksyon, teknoloji enfòmasyon, ak tout sèvis finansye ak pwofesyonèl yo. Patisipan yo pral resevwa zouti pou yo fè biznis ak siksè ak eta a, ak enfòmasyon sou opòtinite, estrateji, asistans teknik, ak resous ki nesèsè yo pou jwenn aksè a plizyè milya dola nan kontra eta a yo.

Aksè a Sipò ak Inisyativ Kapital yo

Nan fowòm ane sa a, Eta New York te mete aksan sou pwogram yo ki ap bay finansman pou MWBE yo epi li te ofri yon opòtinite pou antrepriz MWBE yo ki ap chèche finansman pou ka rankontre dirèkteman ak bayè yo ki ap ofri pwodwi finansye ki sipòte pa Eta a epi ki elabore espesyalman pou kominote MWBE a. Pwogram sa yo ba MWBE yo kapital ki nesèsè yo pou jwenn pi gwo kontra yo, pwomouvwa kreyasyon djòb, rantrè sou nouvo mache yo, epi ranfòse ekonomi nou an.

[Pwogram Prè “Bridge to Success” \(Pon Pou Reysisit\)](#): Lanse an Mas 2014, pwojè prè “Bridge to Success” a te investi omwen 20 milyon dola pou elaji aksè a prè pou pon alontèm yo pou MWBE ki Sètifye nan Eta New York yo, ki ap bay biznis ki kalifye yo sipò akoutèm ke yo te bezwen pou aksede a jiska 100 milyon dola nan kontra Eta a yo. Kat ane apre, Eta a te deja depase objektif sa, ak 153 prè ki totalize plis pase 24 milyon dola ki ap sipòte plis pase 201 milyon dola nan kontra pou MWBE Eta New York yo.

[Pwogram Asistans Kosyonman Eta New York \(New York State Surety Bond Assistance Program\)](#): Yo te etabli Pwogram Asistans Kosyonman Eta New York lan an Fevriye 2012, epi li ap bay asistans teknik ak asistans finansye pou ede MWBE ak ti biznis yo sekirize lyezon kosyonman yo. Depi lè yo te lanse pwogram lan, plizyè santèn MWBE ak ti biznis te diplome nan fòmasyon preparasyon lyezon yo, fasiliteasyon kredi yo, ak sipò kolateral lyezon kosyonman yo, sa ki reprezante 37.85 milyon dola nan sipò kosyonman MWBE yo.

Devlope ak Eta New York: Asire Avni Pwogram MWBE a

Pandan sesyon ouvèti Fowòm MWBE a, Alphonso B. David, ki se Konseye Gouvènè a, te prezante pwogrè Eta a te fè nan ekspansyon pwogram MWBE a ak vizyon Eta a genyen pou avni pwogram nan. Ak sèlman 1 milya dola ke yo te bay nan kontra Eta a bay MWBE yo an 2012, pwogram nan te fè gwo pwogrè pou pwomouvwa pi gwo aksè pou opòtinite kontra Eta MWBE yo, pwogram finansman ak asistans teknik yo; ki ap abouti a 2.5 milya dola aktyèl nan kontra Eta yo ke yo te bay ane pase sa a.

Yo ap devlope nouvell langaj kontra ki pral enklizif pou MWBE yo nan kwasans pwojè konsepsyon-konstwiksyon yo. Pakèt inisyativ sa yo pral pèmèt pou itilizasyon antisipe MWBE yo, sa ki ap asire enklizyon antrepriz ki sètifye yo nan faz finansman, ekite, ak konsepsyon pwojè konstwiksyon majè yo toupatou nan Eta New York.

Apati de kounye a, ranfòsman lejislatif ke yo te pwopoze yo pou pwogram nan gen pami yo: yon nouvo pwogram divèsite mendèv; pi gwo fleksibilite sou kondisyon valè total pèsònèl yo; ogmantasyon nan depans diskresyonè yo; epi aplike objektif MWBE yo pou minisipalite lokal yo ki ap resevwa finansman Eta a.

Prim Inovasyon ak Ekselans Carey Gabay an (Carey Gabay Excellence and Innovation Awards)

“Prim Inovasyon ak Ekselans Carey Gabay pou Antrepriz Biznis Minoritè ak Biznis Fanm Posede yo” rekonèt MWBE yo chwazi baze sou lespri antreprenarya yo ak akonplisman yo gen nan kontra yo te rive siyen ak Eta New York. Yo te nonmen prim sa an onè a Carey Gabay, ki te travay kòm Konseye Asistan Gouvènè Cuomo ak Premye Konseye Adjwen pou Empire State Development anvan ke li te mouri trajikman kòm yon viktim vyolans ak zam an Septanm 2015. Pandan manda li an ak Eta New York, Carey te travay san relach pou asire ke pwogram MWBE Gouvènè an te yon reyisit, epi travay li an te ede poze fondasyon pou pwogram nan jan li ye aktyèlman. Ane sa a se twazyèm ane y ap onore MWBE ki te reyisi konstwi biznis yo gras a angajman yo te pran anvè inovasyon ak ranfòsman kominote yo, de prensip Carey Gabay te swiv nan lavi l pandan l te osèvis Eta New York la.

Benefisyè 2018 yo se:

- Genesys Consulting Services, Inc. (Albany);
- Greg Beeche Logistics, LLC (Waterford, Konte Saratoga); ak,
- US Ceiling Corp. (Webster, Konte Monroe)

Pou kapab aprann plis sou kijan pou vin tounen yon MWBE ke Eta a Sètifye, vizite <http://www.ny.gov/MWBECertification> oswa rele nan (212) 803-2414.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)